

# **Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens**

Sekretarya  
Acheveche  
Pòtoprens  
Tel 515 4674

nan kolaborasyon ak

## *Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 2943 0079  
[www.forumcitoyen.org.ht/jilap](http://www.forumcitoyen.org.ht/jilap)

### **Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan** *Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince*

3 mwa :  
Avril – me – jen 2008

*Texte en français : voir pages 4 et 12*

**Rapò 27 – Rapport 27**

## **Komisyon Jistis ak Lapè Ranmase rapò 11 jiyè 2008 (# 27)**

**Komisyon Jistis ak Lapè nan Pòtoprens deklare : jistis sosyal ansanm ak yon lit konsekan pou moun kapab viv, se premye chimen pou gen sekirite ak lapè nan peyi a.**

Jou ki 11 jiyè 2008, Jistis ak Lapè ki nan zòn Pòtoprens pibliye 27yèm rapò l sou koze vyolans nan zòn metwopoliten an. Vyolans la sanble fè yon ti bak lè n gade chif moun ki mouri anba vyolans nan zòn metwopoliten an nan dènye mwa sa yo. Sa fè n konprann Ayiti se pa chanpyon nan kesyon vyolans, jan kèk ajans vle fè kwè sa. Men genyen vyolans anba anba, epi kondisyon pou zak vyolans tounen toujou la, jan manifestasyon kont lavichè nan mwa avril te montre sa.

### **Men ki sa Jistis ak Lapè te obsève:**

Pou 3 mwa ki sòt pase yo, Komisyon an te anrejistre 80 viktim vyolans ; pami yo 34 moun mouri ak bal, 6 ak zam blanch ; 26 mouri nan aksidan machin ; 5 viktim move tan. Pami yo te genyen 17 fanm ak 4 timoun. 3 polisye pèdi vi yo. 5 moun touye tèt yo. Komisyon an prezante senpati l bay fanmi yo ak zanmi tout viktim yo, tankou zanmi ak fanmi Barikad Crew ki jwenn anpil eprè nan dènye mwa sa a.

Pandan mwa pase yo, anpil pawòl pale sou zafè kidnapin ki li menm tou se yon gwo fòm vyolans ak vyolasyon respè diyite ak dwa moun. Epitou, nan kèk katye kapital la, vòlò ak bandi kontinye ap menase, vòlò ak dechèpiye moun.

### **Komisyon an konstate :**

- Ti zam ki nan men moun rete pi gwo kòz lanmò moun, men pa gen dezameman k ap fèt.
- Moun yo kontinye ap fè tèt yo jistis. Sa montre pa gen konfyans nan lajistis.
- Lè 5 moun deside fè tèt yo vyolans, epi touye tèt yo, sa se yon bagay ki preyokipe n.
- Prezans Minustah bò kote lapolis genyen enpòtans li. Men, nou pa santi otorite ak politisyen yo prepare sekirite peyi a tout bon pou denmen. Kilè peyi a ap kapab reprann dwa granmoun li toutbon?
- Plan sekirite pou zòn metwopolitèn nan ak rès peyi a toujou nan pasaj paske pa janm gen bon estrateji ak bon mezi ki pran bò kote otorite yo pou rezoud pwoblèm vyolans lan.

### **Komisyon an deklare : yo pa kab konbat ensekirite/vyolans ak sèl represyon.**

Men Lapolis ak Lajistis dwe jwe wòl yo:

- Fòk gen dezameman konsekan.
- Fòk genyen kontwòl toutbon sou tout zam k ap sikile nan peyi a.
- Palman an dwe vote lwa ki nesèsè pou bon jan kontwòl sou zam kapab fèt. Yo dwe prepare lwa sila yo yon fason pou ede moun konprann pakèt dega ti zam yo kapab fè lè yo nan men sitwayen
- Arestasyon dwe fèt yon fason korèk.
- Dwe genyen bon antant ant tout aktè ki nan chèn penal la, pou pa gen akizasyon youn kont lòt pou chèche eskiz nan lage koupab. Lajistis dwe yon tanp pou tout sitwayen ki viktim enjistis.

### **Komisyon an kontinye ap denonse:**

- *Pratik arimaj la ak detansyon pwolonje ilegal*, ansanm ak tout komès ak koripsyon sou do moun ki nan gadavi ak detansyon.
- Tout lantè ki genyen nan Lajistis, tout mepri pou malere ak tout pratik yon seri jij ak majistra ki lage detni pou lajan oswa pou nenpòt lòt rezon.
- Kondisyon moun ap sibi nan detansyon. Kounye a, Penitansye nasyonal la genyen 3.600 kretyen vivan ladan l, nan kondisyon ki pa koresponn ak diyite moun. Sistèm detansyon sa a pa kab mennen sekirite ak lapè nan peyi a.
- Absans jij espesyalis ki pou ta travay nan yon sèl domèn. Kounye a, jij yo dwe okipe twòp bagay an menm tan.
- Fason yo cheche rezoud detansyon pwolonje andeyò sa lalwa di sou sa.
- Bonjan ankèt ak jijman ki manke fèt pou revele devan je tout moun ki kote sous enpinite, kidnapi ak krim yo ye.

### **Komisyon Jistis ak Lapè deklare : si pa genyen jistis sosyal, kondisyon pou gen vyolans toujou la ak ensekirite.**

Gwo inegalite ekonomik ak sosyal, ansanm ak abi pouvwa, gwo majinalizasyon ak mete moun sou kote se sous vyolans. Gen yon gwo ravin k ap separe sosyete Ayisyen an. Afè jistis sosyal la se li ki nannan koze a. Si genyen jistis sosyal, lè yo pran sitwayen yo oserye, lè yo kab patisipe, epi yo respekte dwa li, moun ap kontan peyi yo. Jèn yo pa p santi yo bezwen antre nan dwòg, kòmès sèks ak moun, ak tout kalte pratik malonèt pou montre yo konte nan lavi a.

### **Komisyon Jistis ak Lapè deklare : Lit kont lavichè pa dwe yon pawòl nan bouch. Konsa,**

- Komisyon an mande pou Gouvènman an di aklè ki sa l mennen pou relanse pwodiksyon natifnatal la.
- Komisyon an mande pou Gouvènman an esplike ki itilite pwogram ki rele Petwo-Karibe a genyen nan moman difisil kote pri gaz monte disèt wotè.
- Komisyon an mande pou Palman an vote lwa ki genyen awè ak lavichè a, pou reponn soufrans ak lamizè moun ki pi pòv yo. Tankou :
  - Lalwa sou salè minimòm nan ki toujou nan pasaj ;
  - Lalwa pou pèmèt Leta kontwòle pri yo k ap monte desann pou rezon espekilasyon ;
  - Lalwa ki pou kreye kondisyon pou ankouraje moun fè envèstisman ;
  - Lalwa pou kreye kondisyon legal pou pwoteje peyizan yo ki vle travay tè, paske peyizan yo ap viv twòp ensekirite nan zafè tè, ki fè, travay tè se deja yon pwoblèm ;
  - Lalwa pou kreye kondisyon pou pwodiksyon natifnatal la kapab reprann.
- Komisyon an mande pou gen plis transparans nan kesyon travay ONG yo, pyès moun pa konprann ki sa y ap regle nan peyi a.
- Komisyon an pwopoze pou Gouvènman an elabore yon politik ki di ki sa l ap fè, ki lè l ap fè l, ak ki mwayen (moun, enfastrikti, lajan). Dirijan yo dwe montre yo konnen sa pèp la bezwen.

Komisyon Jistis ak Lapè yo ki nan zòn Pòtoprens salye tout moun ki fè jefò pou sekirite ak lapè blayi nan peyi a.

##

## **Commission Justice et Paix**

### **Résumé du rapport du 11 juillet 2008 (# 27)**

**La Commission Justice et Paix de Port-au-Prince déclare : la justice sociale avec une lutte conséquente contre ce qui empêche la vie de la population, est la première route pour la sécurité et la paix dans le pays.**

Le 11 juillet 2008, Justice et Paix de Port-au-Prince a publié son 27<sup>ième</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine. La violence semble reculer légèrement, quand on regarde le nombre de victimes mortelles recueilli durant ces derniers mois. Haïti n'est pas du tout le champion de la violence, comme certaines agences veulent le faire croire. Mais, il y a des violences moins visibles, les conditions de la violence existent toujours, comme a été démontré lors des manifestations contre la cherté de la vie en avril dernier.

#### **Voici les observations de la Commission :**

Pendant les 3 mois passés, la Commission a enregistré 80 victimes de mort violente ; parmi eux 34 personnes sont tombées par balles ; 6 étaient victimes d'assassinat par arme blanche ; il y a eu 26 victimes d'accidents ; 5 victimes de désastres naturels. Parmi les victimes par balles, nous comptons 5 suicides. Parmi les victimes, nous comptons 17 femmes et 4 enfants. La Commission présente ses sympathies aux familles et amis des victimes, comme les amis et victimes de Baricad Crew qui a été particulièrement frappé au cours du dernier mois.

Pendant les mêmes 3 mois passés, beaucoup de paroles ont été dites sur la question du kidnapping qui constitue également une grave violence et violation de la dignité et des droits de la personne. Ensuite, dans certains quartiers de la capitale, voleurs et bandits continuent à menacer, commettre des actes de brigandage et des vols à mains armés.

#### **La Commission Justice et Paix constate :**

- Les armes légères entre les mains des gens restent une cause importante de mort ; mais aucun désarmement sérieux n'a lieu.
- La population continue à prendre la justice entre ses propres mains. Cela démontre le manque de confiance dans le système judiciaire.
- Quand 5 personnes décident de se suicider, cela nous préoccupe. Notre société n'est pas habituée à ce genre de comportement.
- La présence de la Minustah à coté de la Police nationale est importante. Par contre, nous sentons très peu d'empressement auprès des autorités et politiciens pour préparer la sécurité du pays dans un proche avenir. Quand est-ce que le pays reprendra sa pleine souveraineté ?
- Un vrai plan de sécurité pour la zone métropolitaine et pour l'ensemble du pays se fait attendre, parce qu'on ne voit pas de stratégie et des mesures durables pour résoudre la question de la violence dans le pays.

#### **La Commission Justice et Paix déclare: on ne peut combattre l'insécurité et la violence par la seule répression.**

Cela n'empêche que la police et la justice doivent jouer pleinement leur rôle :

- Il faut un désarmement conséquent.
- Il faut un contrôle rigoureux sur les armes qui circulent dans le pays.
- Si les lois à cet effet sont insuffisantes, le parlement doit voter les lois pour permettre un bon contrôle sur les armes. Il doit préparer ces lois de façon participative, pour aider les citoyens/nes à comprendre le dommage causé par les armes légères qui circulent sans contrôle.
- Les arrestations doivent se faire correctement.

- Il faut une bonne coordination entre les différents acteurs de la chaîne pénale pour prévenir l'accusation de relâcher des coupables.

### **La Commission continue à dénoncer :**

- Les *arrestations « arrimages »*, la *détention prolongée illégale* et tout le trafic, arrangements et actes de corruption dans les gardes à vue et en situation de détention.
- Les lenteurs de la Justice, le mépris des pauvres et la pratique de certains juges et magistrats qui relâchent des détenus pour de l'argent ou des motifs non légaux.
- La Commission dénonce avec force la condition de vie des personnes en détention. En ce moment, au Pénitencier national 3.600 détenus vivent entassés dans des conditions qui défient la dignité humaine. Ce système de détention ne peut apporter paix et sécurité dans le pays.
- L'absence de juges spécialisés dans une matière donnée. Maintenant, les juges doivent s'occuper de trop de sujets en même temps.
- La recherche de solutions pour la détention prolongée, sans transparence, en dehors de tout cadre légal.
- L'absence d'enquêtes approfondies qui révèlent à tous où est la source de l'impunité, des kidnappings et des crimes.

### **La Commission Justice et Paix déclare : sans la justice sociale, les conditions qui nourrissent la violence resteront présentes ensemble avec l'insécurité.**

Les grandes inégalités économiques et sociales, combinées avec de grands abus de pouvoir et la marginalisation constituent des sources de violence. Une grande division traverse la société haïtienne. Pour la Commission Justice et Paix, la question de la justice sociale est cruciale. Quand il y a justice sociale, quand on prend les citoyens/nes au sérieux, quand ils/elles sont dans une position de participer pleinement, et on respecte leurs droits, les citoyens et citoyennes aimeront leurs pays. Les jeunes ne se sentiront pas dans le besoin de se livrer à la drogue, au commerce du sexe et aux autres pratiques douteuses pour se faire valoir.

### **La Commission Justice et Paix déclare : la lutte contre la cherté de la vie doit dépasser le stade des déclarations. Ainsi,**

- La Commission demande au Gouvernement de rendre public ses efforts pour relancer la production locale.
- La Commission demande au Gouvernement d'expliquer clairement l'utilité du programme qui s'appelle Petro Caribe, en ce moment de montée vertigineuse des prix du carburant.
- La Commission demande au parlement de voter des lois en rapport avec la cherté de la vie, afin de répondre aux souffrances et à la misère des plus démunis :
  - La loi sur le salaire minimum qui est toujours dans la salle d'attente ;
  - Une loi permettant à l'Etat de contrôler mieux la spéculation ;
  - Une loi pour créer les conditions nécessaires et pour encourager les investissements ;
  - Une loi pour protéger les paysans qui veulent travailler la terre, parce que les paysans sont victimes d'une insécurité foncière qui rend impossible un travail rationnel ;
  - Des lois pour permettre de relancer la production locale.
- La Commission demande plus de transparence quant aux interventions des ONGs, dont personne ne comprend bien le fonctionnement et la mission.
- La Commission propose au Gouvernement d'élaborer une politique qui explique ce qu'il va faire, quand il va faire, avec quels moyens (humains, infrastructures et fonds). Les dirigeants doivent montrer qu'ils connaissent les besoins de la population.

La Commission Justice et Paix de la zone de Port-au-Prince salue tous ceux et celles qui déploient des efforts pour que la sécurité et la paix s'établissent dans le pays.

##

Pòtoprens, 11 jiyè 2008

**Lèt tou louvri** pou tout otorite ki konsènen yo:

Mèt René Magloire, Minis Lajistis

M. Mario Andrésol, Direktè Lapolis Nasyonal

M. Fritz Jean, Enspektè Jeneral Anchèf Lapolis Nasyonal

Mèt Claudy Gassant, Komisè Gouvènman nan Pòtoprens

M. Frantz Lerebours, Pòt pawòl Lapolis Nasyonal

M. Youri Latortue, Prezidan Komisyon Jistis ak Sekirite nan Sena Repiblik la

Kopi: M. René Garcia Préval, Prezidan

M. Jacques Edouard Alexis, Premye Minis

Mesye,

Otorite sivil ak polisyè,

Komisyon Jistis ak Lapè nan Achidyosèz Pòtoprens ansanm ak Sekretarya Komisyon nasyonal la salye n ak anpil respè.

Ak lèt tou louvri sila a, Komisyon an prezante n 27yèm rapò l sou vyolans k ap fèt nan zòn metwopolitèn nan, depi l kòmanse obsèvasyon sila a nan mwa jen 2002. Rapò sa a kouvri peryòd avril rive jen 2008. Komisyon an toujou chwazi yon kritè senp pou fè obsèvasyon sila a : se ***moun ki mouri anba vyolans nan kapital la***. Nou te konsilte laprès, nou te koute divès moun ki pote enfòmasyon ba nou, epitou nou fè pwòp obsèvasyon pa nou. Pou dènye rapò n yo, nou jwenn konkou Lopital jeneral la ak PNH la ki ede n verifeye epi konplete yon seri enfòmasyon. Nou kontan remesye yo pou kolaborasyon sa.

Ak tout sa, nou rekonèt limit rapò nou an genyen. Reyalite a toujou depase sa ki ekri nan rapò sila a. *Nou fè travay sila a pou fè otorite yo ak tout sitwayen ak sitwayèn peyi a pran konsyans sou reyalite vyolans ki genyen nan peyi a pi plis, paske se li menm ki pi gwo lènmi byen viv ansanm nan sosyete nou an. Epitou, chak moun ki mouri merite pou yo kenbe memwa li si posib. Diyite l kòm moun mande sa.*

## Men ki jan sa te ye nan mwa ki sòt pase yo

Nan mwa avril 2008 : nou rejistre 33 viktim vyolans ; pami yo 15 moun mouri ak bal, 3 ak zam blanch ; 11 mouri nan aksidan machin ; 4 viktim move tan. Pami yo te genyen 7 fanm ak 4 timoun

Nan mwa me, nou rejistre 28 viktim ; pami yo 12 mouri ak bal, 2 ak zam blanch ; 7 mouri nan aksidan machin. Pami yo te genyen 5 fanm e 3 moun ki touye tèt yo

Nan mwa juin, nou rejistre 19 viktim ; pami yo 7 nan yo mouri ak bal, 1 ak zam blanch ; 8 nan aksidan, 2 moun touye tèt yo, 1 moun mouri nan move tan.

### Men kèk detay

	<b>Avril 2008 33 viktim</b>	<b>Me 2008 28 viktim</b>	<b>Jen 2008 19 viktim</b>
1. Sou idantite viktim yo : Polis ak ajan sekirite ki viktim	1 polisye / 1 polisye MINUSTAH	1 polisye	-
Fanm ak timoun ki viktim	7 fanm 4 timoun	5 fanm	5 fanm
Viktim yo pa konnen kilès yo ye	3	1	-
2. Sou lakòz lanmò yo : Moun ki mouri ak bal	15	12	7
Moun ki mouri ak bal lapolis/ Ministah	2	1	-
Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Ministah	1	-	-
Moun ki mouri ak bal bandi ki nan gang	3	-	-
Viktim afwontman ant gang	-	-	-
Moun ki mouri ak bal nèg ak zam yo pa rive idantifye	9	11	7
Moun ki touye tèt yo	-	3	2
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt	3	2	1
Moun ki mouri nan aksidan	11	7	8
Moun ki mouri nan move tan	4	-	1
Lot kòz ak sa yo pa konnen	-	4	-
3. Sou kèk katye : Bèlè, zòn Dèlma 2 ak 4, Fò Nasyonak Solino	1	1	-
Lasalin, Site Solèy, wout			

Nasyonal # 1 ak zòn Site Militè	-	-	-
Zòn Kafou	2	2	-
Gran Ravin ak Matisan	5	1	2
Petyonvil, wout Frè	3	2	-
Yo pa konn zòn nan / mouri lopital	10	5	6
4. Sou kèk lòt sikonstans:			
Moun ki mouri sou etikèt vòlò	3	-	1
Etikèt kidnapè/bandi	2	-	-

Pandan tout peryòd 3 mwa a :

- 34 moun mouri ak bal ; 6 mouri ak zam blanch ; 26 mouri nan aksidan ; 5 viktim move tan. Pami moun ki mouri ak bal, 5 nan yo touye tèt yo.
- Zòn ki pi touche a, se zòn Matisan, ak 8 viktim. Pou 21 nan viktim yo, nou pa resi konnen ki kote yo tonbe.
- Genyen 17 fanm ak 4 timoun pami viktim yo.

Pandan mwa pase yo, anpil pawòl pale sou zafè kidnapin ki li menm tou yon gwo fòm vyolans ak vyolasyon respè diyite ak dwa moun.

Epitou, nan kèk katye kapital la, tankou anba Lavil, nan mache yo, zòn Matisan, Fontamara, Kafou ak menm nan machin trafik yo, moun ap rele anmwè depi lapolis pa prezan kòm sa dwa, paske touswit ensekirite, menas, briganday ak dechèpye moun vle reprann.

Nan mwa avril, zòn kapital la te konnen vyolans nan manifestasyon kont grangou ak lavichè. Anpil fristrasyon te kache anba levekanpe sila a. Nou denonse jan kèk gwoup t ap pran woulib sou revandikasyon kòrèk sa yo. Nou denonse tou jan yo t ap sèvi ak timoun pou fè piyay ak krazebrize. Jou sa a, gen yon sèl moun ki pèdi vi l.

Nan mwa jen ki sòt pase a, nou te viv gwo doulè jèn yo nan peyi a, nan okazyon aksidan ki frape 4 manm ak chofè Barikad Crew. Nou prezante fanmi yo ak zanmi tout senpati nou, jan n fè tou pou tout fanmi ak zanmi lòt viktim yo anba vyolans.

### **Pou kisa nou bezwen pale sou vyolans nan sosyete a ?**

Lè n bezwen pale sou vyolans k ap mennen lamò nan sosyete a, nou pa fè l pou avili peyi a. Men pou peyi a kab pi bèl. Lè n gade chif yo, nou dwe di : se pa Ayiti ki pi vyolan nan zòn nan. Gen vil ki pi mal pase Pòtoprens nan Karayib la ak sou kontinan Amerik la. Sèlman, nou kwè, e se konviksyon n, si otorite yo pran reskonsablite yo gen fòm vyolans ki pa dwe egziste. Sa ta ba n posiblite travay sou sa k pi enpòtan : atake gwo vyolans ki rele enjistis sosyal ki anpeche moun viv e k ap touye moun.



Gen yon fason pou pale sou vyolans ki avili peyi a, ki dekouraje moun, k ap paralize lespri ak aktivite yo. Men tou, genyen yon sitiyasyon vyolans moun pa pale ase sou li : se enjistis sosyal la, ki pare tèt li anpil fason, tankou kounye a nan kriz manje ak lavichè. Lavichè pa frape tout moun menm jan. Sa se vyolans ki rele enjistis sosyal nou sòt pale a.

Nan sans sa a, kèk konsta nou fè :

- Ti zam ki nan men moun rete pi gwo kòz lamò moun. Nan dènye tan sa, yo pa pale sou dezameman ankò. Ki sa k pase?
- Nan 6 ka, moun ta p fè tèt yo jistis. Sa montre konfyans nan lajistis ki pa genyen.
- Aksidan trafik vin pi plis yon sitiyasyon lanmò vyolan.
- Pou kisa 5 moun deside fè tèt yo vyolans, jous yo touye yo. Kesyon an preyokipe n, paske se yon bagay sosyete pa abitye wè.

Nou konstate nan dènye mwa yo gen mwens moun ki mouri ak bal nan lari. Sa pa vle vle di vyolans kaba, paske genyen diferan fòm vyolans. Epitou, prezans Minustah bò kote lapolis genyen enpòtan li. Pi gwo kesyon ki preyokipe n : e pou pi devan. Ki jan sa ap ye? Eske otorite ak politisyen yo prepare denmen tout bon? Ki jan yo wè kesyon sekirite a nan kad yon peyi ki granmoun tèt li toutbon?

Toujou,

Nou pale sou vyolans paske lavi chak moun enpòtan. Si posib, nou dwe sonje l ak sikonstans lanmò li. Vyolans se yon siy mank respè pou diyite ak pou dwa moun ki genyen anndan yon sosyete.

### **Men ki sa n panse sou lit kont vyolans**

#### Yo pa konbat vyolans ak sèl represyon

Lapolis ak Lajistis genyen yon wòl enpòtan nou pa kab pase sou kote pou konbat zak vyolans moun komèt pou nenpòt rezon. Lapolis ak Lajistis dwe kolabore antre yo kòm sa dwa nan lit kont vyolans, san youn pa pile pye lòt, epi san yo pa vyole dwa sitwayen ak sitwayèn yo. Konsa :

- Fòk gen dezameman konsekan. Konsa, nou vle konnen: konbyen zam CNDDR deja rekipere nan men gwoup ak zam yo ak nan men tout lòt moun ki pa gen otorizasyon pou pote zam, nenpòt ki moun yo ye, nenpòt ki klas sosyal oswa apatenans politik yo?
- Fòk genyen kontwòl toutbon sou tout zam k ap sikile nan peyi a. Se Leta ki reskonsab kontwòl sila a. Chak bal ki tire, gen yon kote li sòti. Ankèt lapolis ak lajistis ap mennen dwe montre vre reskonsab zak vyolans yo.
- Si manke lalwa pou sa fèt, palman an dwe vote lwa yo ki nesèsè pou bon jan kontwòl sou zam kapab fèt. Yo dwe prepare lwa sila yo yon fason pou ede moun konprann pakèt dega ti zam yo kapab fè lè yo nan men sitwayen, san pa genyen kontwòl kòm sa dwa sou yo. Lapè nan yon kominote dwe chita sou konfyans

sitwayen yo genyen youn nan lòt ak nan enstitisyon Leta a. Lapè pa kab chita sou laperèz chak sitwayen genyen nan zam ki nan men lòt moun.

- Arestasyon dwe fèt yon fason kòrèk. Plizyè fwa deja, Komisyon an te pran pozisyon kont *pratik arimaj la* ak *detansyon pwolonje ilegal*. Men tou, Komisyon an denonse tout komès ak koripsyon sou do moun ki nan gadavi ak detansyon. Komisyon an denonse tout lantè ki genyen nan Lajistis, tout mepri pou malere ak tout pratik yon seri jij ak majistra ki lage detni pou lajan oswa pou nenpòt lòt rezon. Komisyon an asiste moun ki nan prizon e ki pa gen mwayen, pou yo kab respekte dwa yo.
- Komisè Gouvènman yo genyen yon wòl enpòtan nan lit kont vyolans, lè yo monte dosye bandi ak lòt moun ki koupab ak nan mennen bon jan ankèt pou jwenn bon jan temwen. Konsa, pa kab gen eskiz pou lage bandi konsa konsa.
- Tout aktè yo nan lit kont ensekirite dwe antann yo antre yo. Lapolis ak jij yo dwe mete men nan yon menm sèvis yo rann sosyete a. Lajistis ak lapolis pa kapab travay san pa gen yon klima konfyans youn ap fè lòt. Men, genyen kondisyon pou rive tabli bonjan konfyans, tankou: respè pou lalwa, konpetans ak transparans.
- Gen kèk solisyon yo mete sou pye nou pa fin konprann yo byen, paske manke bon jan enfòmasyon ak transparans. Konsa, genyen *komisyon sou detansyon pwolonje a*. Pwoblèm detansyon pwolonje a reyèl. Kondisyon anpil sitwayen ap sibi nan prizon pa kòrèk ditou. Se yon wont pou peyi a. Men, poukisa otorite yo pa cheche ranfòse sistèm jidisyè a pito, olye yo kreye yon komisyon k ap travay andeyò tout kad legal ?
- Kilè ap genyen bonjan ankèt ak jijman k ap fèt e k ap revele devan je tout moun ki kote sous enpinite, kidnapin ak krim yo ye ? Poukisa yo bay anpil piblisite lè yo pran yon prezime koupab (ki toujou sanse inosan), men apèn nou tande yo enfòm popilasyon an lè yo kondane yon moun? Paske, lè sa, lajistis te bay prèv yo koupab, epi lajistis te dwe kapab mete aklè ki sa k sous kidnapin nan?
- Absans jij espesyalis ki pou ta travay nan yon sèl domèn kreye plis detansyon ak koripsyon nan lajistis. Jij yo dwe okipe twòp bagay an menm tan : yo pran syèj pou zafè penal, zafè sivil, koreksyonel, elatriye.
- Lit kont enpinite, koripsyon ak ensekirite se yon menm batay li ye.

**Komisyon an denonse ak fòs kondisyon moun ap sibi nan detansyon. Penitansye nasyonal la genyen 3.600 kretyen vivan ladan I, nan kondisyon ki pa koresponn ak disyite moun. Sistèm detansyon sa a pa kab mennen sekirite ak lapè nan peyi a.**

### Lit pou jistis sosyal

Sosyete nou chita sou gwo inegalite ekonomik ak sosyal ansanm ak abi pouvwa mennen gwo majinalizasyon ak mete moun sou kote. Gen yon gwo ravin k ap separe sosyete Ayisyen an. Anpil moun k ap viv menm pa genyen dwa sitwayen ak sitwayèn. Yo la

tankou yon mas moun pou esplwate, epi pou sèvi ak yo nan tout kalite banbòch politik ki pote avantaj pou sa k genyen tout resous deja nan men li. Tout sa se yon sous gwo fristrasyon lakay anpil moun nan peyi a. Majinalizasyon ak abi pouvwa se yon kalite vyolans yo ye, ki yo menm sous lòt vyolans. Toutotan yo pa touche pwoblèm apatèd sa a ak tout fristrasyon ki mache ak li, ap gen vyolans. Vyolans mennen pi gwo vyolans. Komisyon an kontinye ap ensiste sou nesosite pou genyen jistis sosyal nan peyi a.

Pou nou menm, nan Komisyon Jistis ak Lapè, afè jistis sosyal la se li k nannan koze a. Si genyen jistis sosyal, lè yo pran sitwayen yo oserye, lè yo kab patisipe, epi yo respekte dwa li, moun ap kontan peyi yo ; yo pa p gen rezon antre nan sa k pa sa pou yo asire lavi yo. Jèn yo pa p santi yo bezwen antre nan dwòg, kòmès sèks ak moun, ak tout kalte pratik malonèt pou montre yo konte nan lavi a.

### Lit kont lavichè

Jounen jodi a, lit kont vyolans ak ensekirite tounen tou batay kont lavichè ak ensekirite ekonomik.

- Ak anpil enterè nou te tande tout sa k te di sou pwodiksyon natifnatal la. Sèlman, depi pawòl la pale, nou pa wè ki sa Gouvenman an ap mennen pou relanse pwodiksyon natifnatal la vre. Antouka, si yon bagay fèt, manke bon jan enfòmasyon.
  - Nan 2007, Prezidan an te esplike yon pwogram ki rele Petwo-Karibe, yon akò ant Ayiti ak peyi Venezwela, ki t ap nan avantaj popilasyon an. Ki kote pwogram sila a ye ? Ki itilite l nan moman difisil kote pri gaz monte disèt wotè ? Li nesèsè pou popilasyon an jwenn espikasyon ak enfòmasyon.
  - Poukisa palman pokò vote yon sèl lwa ki genyen awè ak lavichè a, pou reponn soufrans ak lamizè moun ki pi pòv yo ?
    - Lalwa sou salè minimòm toujou nan pasaj ;
    - Lalwa pou pèmèt Leta kontwole pri yo k ap monte desann pou rezon espekilasyon ;
    - lalwa ki pou kreye kondisyon pou ankouraje moun fè envèstisman ;
    - lalwa pou kreye kondisyon legal pou pwoteje peyizan yo ki vle travay tè, paske peyizan yo ap viv twòp ensekirite nan zafè tè, ki fè, travay tè se deja yon pwoblèm ;
    - lalwa pou kreye kondisyon pou pwodiksyon natifnatal kapab reprann.
- Pokò genyen yon sèl lwa Palman an te vote pou ede epi pou oblije Egzekitif la lite kont lavichè a. Ki sa palman an ap fè pou pwoteje sa k pi pòv yo nan popilasyon an ?
- Peyi a pa dwe kontinye ap viv sou lacharite ak pwogram ijans ki sòt lòtbò dlo. Popilasyon an pa ta dwe livre nan men yon kolonn ONG, pyes moun pa konprann ki sa y ap regle nan peyi a. Komisyon an pwopoze pou Gouvenman an elabore yon politik ki di ki sa l ap fè, ki lè l ap fè l, ak ki mwayen (moun, enfrastrikti, lajan). Dirijan yo dwe montre yo konnen sa pèp la bezwen.

Pou fini, Komisyon Jistis ak Lapè yo ki nan zòn Pòtoprens salye yon lòt fwa tout jefò k ap fèt pou kreye yon klima sekirite nan peyi a, ak tout fay ki toujou genyen, sitou nan

fason Lajistis ap fè travay li. Nou salye jefò Lapolis Nasyonal la ap fè. Nou salye sitou jefò ka p fèt anndan katye popilè yo, jefò gran sosyete a pa konnen, men ki ede sosyete a fè yon pa annavan. Men tout moun dwe konprann chimen an long toujou. Lit kont koripsyon ak enpinite, kont eksklizyon ak mete moun sou kote, lit pou lajistis ak verite blayi fenk kòmanse.

Pou Komite Direktè Jilap Achipo ak Jilap Nasyonal la.

*Le texte créole est original*

Messieurs les autorités civiles et policières,

La Commission Archidiocésaine Justice et Paix et le secrétariat de la Commission nationale vous saluent respectueusement.

Avec cette lettre ouverte, Justice et Paix vous présente son 27<sup>ième</sup> rapport sur la violence dans la zone métropolitaine depuis qu'elle a commencé cette observation en juin 2002. Ce rapport couvre les mois d'avril à juin 2008. Nous choisissons un critère simple pour mesurer la violence: **le nombre de victimes mortelles de la violence à travers les rues de la zone métropolitaine**. Nous avons consulté la presse ; nous avons rencontré des témoins ; nous avons fait nos propres observations. Pour nos derniers rapports, nous avons bénéficié de la collaboration de l'Hôpital de l'Université d'Etat d'Haïti et de la Police Nationale ; ce qui nous a permis d'encore mieux vérifier et compléter certaines informations. Nous les en remercions sincèrement.

Nous reconnaissons les limites de notre travail ; nous savons que la réalité dépasse les données ici recueillies. *Notre objectif est de sensibiliser les autorités et tous les citoyens et citoyennes sur la réalité du pays, parce que la violence constitue un handicap majeur pour construire une convivialité pacifique entre les citoyens. Ensuite, chaque victime mérite qu'on fasse mémoire de lui. Sa dignité humaine le demande.*

Voici le résumé de nos observations :

Au mois d'avril 2008, nous avons enregistré 33 victimes de la violence, dont 15 sont mortes par balles ; 3 victimes par arme blanche ; 11 victimes suite à des accidents de voiture ; 4 victimes du mauvais temps. Parmi eux : 7 femmes et 4 enfants.

Au mois de mai 2008, nous avons enregistré 28 victimes, dont 12 sont mortes par balles ; 2 par arme blanche ; 7 sont mortes suite à des accidents de voiture. Parmi ces personnes : 5 femmes et 3 suicides.

Au mois de juin 2008, il y avait 19 victimes, dont 7 par balles, 1 par arme blanche et 8 victimes d'accidents, 2 suicides, 1 catastrophe naturel.

### Voici les détails

	<b>Mois d'avril 08 33 victimes</b>	<b>Mois de mai 08 28 victimes</b>	<b>Mois de juin 08 19 victimes</b>
1. Sur l'identité des victimes : Policiers et agents de sécurité	1 policier / 1 policier MINUSTAH	1 policier	-
Femmes et enfants	7 femmes 4 enfants	5 femmes	5 femmes
Victimes non identifiées	3	1	-
2. Sur la cause de mort			
Morts par balle	15	12	7
Morts par balle de la police / Minustah	2	1	-
Morts dans affrontement gang avec police / Minustah	1	-	-
Morts par balle par de gangs	3	-	-
Morts lors d'affrontement entre gangs	-	-	-
Morts par balle d'inconnus	9	11	7
Morts par suicide	-	3	2
Morts par arme blanche, couteau, roches, bâton	3	2	1
Morts accidentels	11	7	9
Environnement	4	-	1
Autres causes	-	4	-
3. Concernant certains quartiers			
Bel Air, Delmas 2 et 4, Fort National, Solino	1	1	-
La Saline, Cité Soleil, Cité militaire	-	-	-
Zone de Carrefour	2	2	-
Zone Matissant et de Grande Ravine	5	1	2
Route de Delmas et Pétion- ville	3	2	-
Zone inconnu / Hôpital général	10	5	6
4. Autres circonstances			
Morts pour accusation de vol	3	-	1
Accusation kidnappeur/bandit	2	-	-

